

## **Distribisyon Konpitè**

Pou sipòte aprantisaj elèv, Lekòl Piblik Broward County va distribye konpitè pou elèv ki bezwen konpitè. Distribisyon an va fèt le Vandredi, 20 Mas, 8 a.m. - 2 p.m. (uitè maten rive dezè lapremdi). Paran/gadyen dwe ale nan lekòl pitit-yo pou tcheke konpitè-yo. Lè paran-an ap vin chache konpitè, Paran/gadyen va bezwen:

- Prezante non itilizatè ak modpas elèv, (username and Password) ke elèv-la itilize pou konekte sou Entènèt.
- Konplete fòm pèmi (property pass) ak lòt fòm anvan li asepte konpitè a nan lekòl pitit-li.

Pou espedye pwosesis distribisyon konpitè, nou ankouraje paran/gadyen konplete fòm ki nesesè sou Entènèt. Vizite sit

[browardschools.com/bcpspropertypass](http://browardschools.com/bcpspropertypass) pou w aksè nan fòm-yo.

Diplis, pou fanmi ki bezwen koneksyon Entènèt, Comcast ofri plis kliyan pwogram Internet Essentials-li, pwogram-la ofri gratis sèvis Entènèt pandan 60 jou pou fanmi ki elijib. Vizite sit [internetessentials.com](http://internetessentials.com) pou enfòme w.

**Pou plis enfòmasyon ak mizajou, vizite sit [browardschools.com/coronavirus](http://browardschools.com/coronavirus).**

**Tanpri pran nòt chanjman nan enfòmasyon fèt toutan epi mizajou enfòmasyon va fèt ositoke posib.**